

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG REKOMENDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana *temuan* hasil panalungtikan anu geus dipedar dina bab-bab saméméhna, bisa dicindekeun saperti di handap ieu.

Pangajaran maca sajak basa Sunda mangrupa salah sahiji kagiatan pangajaran anu aya di Sekolah Menengah Pertama. Hiji pangajaran bakal miboga mangpaat upama siswa méré réspon anu positip kana éta prosés pangajaran. Réspon positip siswa kana pangajaran bakal timbul upama dina prak-prakanana dibarengan ku kamampuh guru dina ngokolakeun kelas. Kaparigelan guru dina ngalarapkeun hiji modél pangajaran bakal nimbulkeun pangajaran anu épéktip jeung kondusif. Modél CIRC mangrupa salah sahiji modél anu mampuh méré peluang pikeun ngaronjatkeun épéktipitas pangajaran sacara utuh, boh dina hal ngamekarkeun rarancang pangajaran boh *ketepatan* waktu jeung *pencapaian* matéri pangajaran. Malah modél CIRC bisa ngaronjatkeun aktipitas siswa dina pangajaran maca sajak kalawan maham eusi sajak, mampuh napsirkeun sajak, jeung bisa midangkeun sajak kalawan hadé.

Ngalarapkeun modél anu cocog jeung pikaresepeun mangrupa salah sahiji konci berhasilna prosés pangajaran. CIRC mangrupa hiji modél anu mampuh ngarangsang siswa pikeun meunangkeun inpormasi anu bisa mantuan siswa dina kagiatan maca sajak. Ieu bakal miboga dampak dina ngaronjatkeun hasil diajar atawa préstasi siswa.

Dina hasil panalungtikan geus dipedar yén hasil diajar siswa dina pangajaran maca sajak kalawan ngagunakeun modél CIRC nunjukkeun rata-rata niléy anu “hadé”. Salian hasil diajar anu hadé, ayana parobahan sikep siswa anu positip dina maca bacaan Sunda utamana sajak.

Dina prak-prakanana ieu panalungtikan dilaksanakeun dina dua siklus kalawan ngahasilkeun sawangan yén modél CIRC bisa ningkatkeun aktivitas diajar siswa. Ieu hal bisa katitén tina ningkatna aktivitas siswa ti mimiti siklus I nepi ka siklus II. Siswa diperedih sangkan aktip jeung gawé bareng dina kelompokna. Modél CIRC bisa ningkatkeun hasil diajar maca sajak. Ieu hal bisa katitén dina ningkatna hasil diajar siswa. Hasil diajar siswa ningkat ti mimiti pra-panalungtikan, siklus I nepi ka siklus II. Sacara perséntase bisa katitén dina tabél 5.1 di handap

**Tabél 5.1**  
**Perséntase Préstasi Diajar Siswa**

<b>Kegiatan / Ketuntasan</b>	<b>Pra-panalungtikan</b>	<b>Siklus I</b>	<b>Siklus II</b>
Tuntas	18,60%	55,80%	100%
Can tuntas	81,40%	44,20%	0%

Sacara guratbadag, tina hasil panalungtikan bisa dicindekeun yén, saleutik-leutikna *peningkatan* anu aya bisa disebut salaku léngkah positip pikeun ngaronjatkeun kualitas pangajaran anu diciptakeun ku guru ka arah anu leuwih hadé, “*teacher are central to the dellivery as well as quality of education*”.

## 5.2 Rékomendasi

Saluyu jeung hasil panalungtikan anu geus dipedar, aya sababaraha hal anu baris ditepikeun ku panulis minangka rékomendasi pikeun pihak-pihak anu aya pakaitna.

- 1) Kepala sekolah; kudu ngayakeun hiji tarékah nya éta ngayakeun *pembinaan* sacara inténsip ka guru-guru ngeunaan cara-cara nyusun stratégi pangajaran kalawan ngagunakeun modél pangajaran anu aya.
- 2) Guru; sakuduna ngagunakeun modél-modél pangajaran ka sakabéh mata pelajaran, anu ahirna bisa ngarojong *peningkatan* préstasi diajar siswa anu baris nyoko kana ayana *peningkatan* kualitas pangajaran.
- 3) Siswa; kudu leuwih fokus nalika prosés pangajaran lumangsung. Ieu hal kacida pentingna pikeun ningkatkeun préstasi diajar. Ayakeun komunikasi jeung guru lamun ngarasa aya anu kurang dina prosés pangajaran, sangkan pangajaran bisa leuwih pikaresepeun.
- 4) Lembaga Pendidikan; kudu sering ngayakeun pertemuan atawa seminar (*penyuluhan*) ka guru-guru ngeunaan modél-modél pangajaran sangkan guru wanoh jeung parigel ngagunakeun modél pangajaran dina prosés pangajaran.
- 5) Panalungtik; pikeun anu baris ngayakeun panalungtikan kalawan ngagunakeun modél CIRC, dipiharep bisa leuwih asak dina tahap ngararancang jeung nangtukeun instrumén panalungtikan anu baris digunakeun, sarta merhitungkeun kana alokasi waktu sangkan bisa saluyu jeung kabutuhan panalungtikan.